



Index Number (if known/applicable): _____

County and Court (if known/applicable): _____

AVI A IPOTEKÈ:

Si ou te pèdi revni ou oswa depans ou te ogmante pandan pandemi COVID 19 la, epi ou siyen e remèt fòm deklarasyon difikilte sa a bay kreditè ipotèk ou oswa lòt pati eviksyon an, yo pa kapab evikte ou omwen jiska 31 out 2021. Si kreditè ipotèkè ou oswa lòt pati eviksyon an ba ou fòm sa a, kreditè ipotèkè a oswa lòt pati eviksyon an dwe ba ou tou yon adrès postal ak adrès imel kote ou kapab retounen fòm sa a. Si ou deja nan pwosedi eviksyon, ou ka retounen fòm sa a nan tribinal la. Ou ta dwe kenbe yon kopi oswa foto fòm siyen an pou dosye ou. Ou ap toujou dwe nenpòt pèman ipotèk ki poko peye ak frè legal a kreditè ou. Ou dwe tou kontwole ak anpil atansyon sa ou te peye ak tout montan ke ou toujou dwe.

DEKLARASYON DIFIKILTE LOKATÈ KI GEN RAPÒ AK COVID-19

Mwen se ipotèkè pwopriyete ki nan (adrès inite lojman):

Enkli rezidans prensipal mwen an, mwen posede, kit se dirèkteman oswa endirèkteman, dis oswa mwens inite rezidansyèl. Mwen gen difikilte finansye, epi mwen pa kapab peye ipotèk mwen an plen paske youn oswa plizyè nan bagay sa yo:

1. Gwo pèt revni nan kay la pandan pandemi COVID-19 la.
2. Ogmantasyon nan depans nesèsè ki soti nan pòch ki gen rapò ak fè travay esansyèl oswa ki gen rapò ak enpak sou sante pandan pandemi COVID-19 la.

3. Responsablite gadri oswa responsablite pou pran swen yon granmoun aje, yon andikape, oswa yon manm fanmi ki malad pandan pandemi COVID-19 la te afekte negativman kapasite mwen oswa kapasite yon moun nan kay mwen an pou mwen jwenn yon bon travay oswa pou mwen fè revni oswa ogmante depans nesesè ki sòti nan pòch mwen.
4. Depans pou demenajman ak difikilte mwen genyen pou garanti lojman altènatif fè li difisil pou mwen deplase ale nan yon lòt rezidans pandan pandemi COVID-19 la.
5. Lòt sikonstans ki gen rapò ak pandemi COVID-19 la te afekte negativman kapasite mwen pou mwen jwenn yon bon travay oswa fè revni oswa te redwi siyifikativman revni kay mwen an oswa ogmante siyifikativman depans mwen an.
6. Youn oswa plizyè nan lokatè mwen yo manke yon kantite siyifikatif pèman lwaye yo depi 1 Mas 2020.

Nan limit mwen te pèdi revni nan kay la oswa depans mwen te ogmante, nenpòt ki asistans piblik, ki gen ladan asirans chomaj, asistans chomaj pandemi, asirans enfimite, oswa konje familyal peye, ke mwen te resevwa depi kòmansman pandemi COVID-19 la pa konplètman konpanse pèt revni mwen nan kay la oswa ogmantasyon depans mwen.

Mwen konprann ke mwen dwe konfòme mwen ak tout lòt tèm legal dapre lokasyon mwen. Mwen pi lwen konprann ke frè legal, penalite oswa enterè paske m pa peye lwaye mwen konplè jan sa rekòmande nan akò lwaye mwen ka toujou faktire oswa kolete e ka vin mennen a yon jijman monetè kont mwen. Mwen konprann tou ke kredite ipotèkè mwen an oswa lòt pati ki evikte ka pouswiv yon aksyon eviksyon kont mwen 31 out 2021 oswa aprè, si mwen pa konplètman ranbouse nenpòt pèman mwen te rate oswa mwen te fè an pati ak frè legal yo.

Siyen: _____

Ekri non an lèt detache: _____

Dat li siyen: _____

AVI: Ou ap siyen epi soumèt fòm sa a anba penalite lalwa. Sa vle di li ilegal pou fè yon deklarasyon sou fòm sa a ke ou konnen ki fo.